

KISA Nouvo PWOSÈS PARÒL LA YE?

Paròl la itilize pou pèmèt yon moun antre Ozetazini pou yon peryòd tanporè akoz yon ijans, yon rezon imanitè prese, oswa lè genyen yon benefis piblik enpòtan. Gouvènman Etazini an pafwa kreye pwogram paròl espesyal pou ede sèten gwoup moun oswa moun ki soti nan sèten peyi ki ka ap pase nan moman difisil pou yo ka antre Ozetazini pi vit.

Nan kòmansman Janvye 2023, Etazini te kòmanse yon novo pwosesis paròl pou Kiben, Ayisen, Nikaragweyen, ak Venezueyen ("Pwosesis pou CHNV"). Nouvo plan an baze sou yon plan menm jan ki te sèlman pou Venezueyen yo. Pwosesis pou CHNV, menm jan ak plan li baze sou li, gen anpil pwoblèm epi l ap fòse anpil plis moun kite Etazini pase sa li pral pèmèt rete. Sa se paske, ansamk ak novo pwogram paròl la, Etazini ap entwodui lòt politik ki fè vini ak rete Ozetazini kòm yon chèchè azil nan fwontyè sid la prèske enposib. Epitou, kondisyon yo pou Pwosesis pou CHNV pral kite anpil moun ki bezwen kalite èd sa a deyò.

Moun ki resevwa paròl anba Pwosesis pou CHNV **pral pèmèt antre Ozetazini pou jiska dezan** epi yo pral **kapab aplike pou otorizasyon travay**. Sepandan, pwosesis apwobasyon aplikasyon yo pou paròl ak otorizasyon travay pral pran anpil tan, jiska plizyè mwa, akoz kantite moun ki pral bezwen trete.

Li enpòtan pou konnen **ke istwa rasis ak prejije** Ozetazini vle di ke **Ayisen mwens chans pou yo chwazi pou paròl anba novo pwogram** nan, yon pwogram ki deja fè jwenn paròl trè difisil.

Ki Etap Yo Pou Jwenn Paròl Anba Pwosès Pou CHNV?

•Etap 1

- Anba pwosesis pou CHNV, migran yo dwe gen yon sponsò Ozetazini anvan tout bagay.
- Yon sponsò dwe gen stati legal (enkli sitwayènte Ameriken, kat vèt, oswa TPS) epi dwe kapab montre yo kapab sipòte migran an, oswa "benefisyè a," pou dezan.
- Pwosesis praòl la kòmanse ak aplikasyon sponsò a.

•Etap 2

- Apre sponsò a apwouve, USCIS pral voye enstriksyon pou pwochen etap yo bay benefisyè a.
- Benefisyè a dwe gen yon adrès imèl valab ak kapasite pou aksede kont sou entènèt pou ka yo.
- Yon fwa benefisyè a apwouve, yo gen 90 jou pou vole Ozetazini. Yo dwe rive pa avyon, e yo dwe peye pou vòl yo.

•Etap 3

- Lè benefisyè migran an rive Ozetazini, CBP pral enspekte yo epi detèmine si yo reprezante nenpòt kalite risk sekirite.
- Nan ayewopò an, CBP pral konsidere si pou bay migran an paròl.**

Ki Moun Ki Kalifye Pou Paròl Anba Pwosès Pou CHNV?

•Anplis de gen yon sponsò Ozetazini epi òganize vwayaj ayreyen pa yo, migran yo dwe:

- Se yon nasyonal Kiba, Ayiti, Nikaragua, oswa Veneyela, oswa se yon manm fanmi imedyat yon benefisyè.
- Dwe deyò Etazini.
- Genyen yon paspò ki pa ekspire valab pou vwayaj entènasyonal.
- Pase chèk sekirite nesesè yo.
- Respekte tout kondisyon vaksinasyon ak lòt direktiv sante piblik.
- Pa dwe yon rezidan pèmanan, yon nasyonal doub, oswa kenbe stati refijye nan nenpòt lòt peyi.
- Pa dwe te bay lòd pou retire Ozetazini nan senk dènye ane yo oswa entèdi akoz yon lòd retire pase.
- Pa dwe te travèse Ozetazini ant pò antre apre 9 Janvye 2023 (pou Kiben, Ayisen, ak Nikaragweyen) oswa 19 Oktòb 2022 (pou Venezueyen).
- Pa dwe te travèse fwontyè Meksiken oswa Panameyen apre 9 Janvye 2023 (oswa pou Venezueyen, apre 19 Oktòb 2022) ant pò antre.

VIN JWENN EKIP LEGAL BAJI NAN WEBINÈ SOU AZIL CHAK DE SEMÈN! ESKANE KÒD QR LA

OUBYEN VIN JWENN Nou SOU [HTTPS://BIT.LY/BAJIASYLUMCLINICS](https://bit.ly/BAJIASYLUMCLINICS).

IMÈL ARON@BAJI.ORG POU DAT AK LÈ.

